

Voye lajan aletranje avèk plis konfyans

Lè w voye lajan bay fanmi w, zanmi oswa lòt moun andeyò Etazini, èske w konnen konbyen yo pral resevwa?

Lè w voye lajan aletranje lè w sèvi avèk yon transfè elektwonik, ou ka wè depans yo, epi tranzaksyon w la gen pwoteksyon

Anvan w peye pou tranzaksyon an, ou wè:

- Pousantaj echanj lan
- Frè ak taks yo
- Kantite lajan yo pral resevwa a

Pou pifò transfè, kantite lajan ou wè yo dwe egzak, men nan kèk ka yo ka yon estimasyon. Gade echantiyon enfòmasyon ki anba a.

Montan transfè a:	\$100.00
Frè transfè a:	+\$7.00
Taks transfè a:	+\$3.00

TOTAL:	\$110.00
---------------	-----------------

Pousantaj echanj:	US \$1.00 = 12.27 MXN
--------------------------	-----------------------

Montan transfè a:	1,227.00 MXN
--------------------------	--------------

Lòt frè yo:	-30.00 MXN
--------------------	------------

TOTAL POU RESVÈ A:	1,197.00 MXN
---------------------------	---------------------

Resevè a ka resevwa mwens akòz frè bank moun k'ap resevwa a ak taks etranje yo.



Après ou fin peye, ou resevwa plis enfòmasyon sou:

- Lè lajan an ap disponib pou moun ou voye li a
- Dwa w pou anile pou transfè a
- Fason pou jwenn èd si yo fè erè
- Fason pou w soumèt yon plent

Anpil founisè transfè lajan dwe bay enfòmasyon sa yo. Ou ta ka wè kèk enfòmasyon anvan w peye pou tranzaksyon an ak kèk aprè sa, oswa w ta ka wè tout yon sèl kou anvan w peye.

Lòt pwoteksyon ka disponib pou ou tou, selon lwa nan eta w la.

Konsènan CFPB a

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk la k'ap ede mache finans konsomatè yo travay lè li fè règleman yo pi efikas, nan fè respekte règ sa yo san patipri, epi bay konsomatè yo pouvwa pou yo pran plis kontwòl sou lavi ekonomik yo.

Aprann plis nan consumerfinance.gov

Konekte avèk nou

! Soumèt yon plent
consumerfinance.gov/complaint

🎤 Rakonte istwa w
consumerfinance.gov/your-story

🔍 Mande CFPB
consumerfinance.gov/ask-cfpb

💬 Pataje panse w yo
facebook.com/cfpb
twitter.com/cfpb